

**“NINGKATAKEN KETERAMPILAN MAOS LAN NYERAT AKSARA JAWA
KANTHI NGGINAKAKEN MEDIA KERTU UKARA AKSARA JAWA”**

(Penelitian Tindakan Kelas Ing Kelas VIII B SMP Negeri 1 Garung Wonosobo

Semester I Tahun Pelajaran 2016/2017)

TESIS

Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh

Drajat Magister Program Studi Pendidikan Bahasa



Dening:

NAMA : Siti Khotimah

NIM : 15PSC01696

**PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN**

2017

PASARUJUKAN

**“Ningkataken Keterampilan Maos lan Nyerat Aksara Jawa Kanthi
Ngginakaken Media Kertu Ukara Aksara Jawa”
(Penelitian Tindakan Kelas Ing Kelas VIII B SMP Negeri 1 Garung Wonosobo
Semester I Tahun Pelajaran 2016/2017)**

Dening:

Siti Khotimah

15PSC01696

Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pamong :

Tapak Asta

Tanggal

Pamong 1

Dr. Hj. Esti Ismawati, M.Pd.
NIP. 19611018 198803 2 001



.....

.....

Pamong 2

Dr. Endang Eko Djati S., M.Hum.
NIK. 690 886 103



.....

.....

Kauningan

Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa



Dr. H. B. Putut Setiyadi, M.Hum.
NIP. 19600412 198901 1 001





PANGESAHAN

**“Ningkataken Keterampilan Maos lan Nyerat Aksara Jawa Kanthi
Ngginakaken Media Kertu Ukara Aksara Jawa”
(Penelitian Tindakan Kelas Ing Kelas VIII B SMP Negeri 1 Garung Wonosobo
Semester I Tahun Pelajaran 2016/2017)**

Dening:

**Siti Khotimah
15PSC01696**

Sampun dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Penguji :

Jabatan	Nama	Tapak Asma	Tanggal
Pangarsa :	Dr.H. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum. NIP. 19600412 198901 1 001	
Panitera :	Dr.Hersulastuti, M.Hum. NIP. 19650421 198703 2 002	
Penguji I :	Dr. Hj. Esti Ismawati, M.Pd. NIP. 19611018 198803 2 001	
Penguji II :	Dr. Endang Eko Djati S., M.Hum. NIK. 690 886 103	




Direktur Program Pascasarjana

Prof. Dr. Herman Johanes Waluyo, M.Pd
NIK. 690 115 345

Kauningan,

Ketua Program Studi


Dr.H. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.
NIP. 19600412 198901 1 001

PRATELA

Ingang tapak asma ing ngandhap punika, kula :

NAMA : Siti Khotimah

NIM : 15PSC01696

Mratelakaken kanthi sayektosipun bilih *tesis* ingkang irah-irahanipun “Ningkataken Keterampilan Maos lan Nyerat Aksara Jawa Kanthi Ngginakaken Media Kertu Ukara Aksara Jawa”. (Penelitian Tindakan Kelas Ing Kelas VIII B SMP Negeri 1 Garung Wonosobo Semester I Tahun Pelajaran 2016/2017) menika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebeting *tesis* punika dipunsukani tandha *sitasi* lan dipuntedahaken ing salebeting kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratela kula menika mboten leres, kula sagah nampi *sanksi akademik* arupi dipuncabutipun *tesis* lan *gelar* saking *tesis* kasebat.

Klaten, 11 Juli 2017

Ingang Damel Pratelan



Siti Khotimah
NIM: 15PSC01696

MOTTO

**“Namung dhumateng Paduka kawula manembah, lan namung dhumateng
Paduka kawula nyuwun pitulungan”**

(QS- Al Fatikhah ayat 4)

**“ Sajatosipun sasampunipun pakewed punika badhe dhateng margi ingkang
gampil”**

(QS- Alam Nasyrah ayat 6)

“Urip adhem ayem, tentrem, kebak esem”

(Anonim)

“Ati pasrah sumarah, sumeleh, sumendhe mring

Gusti ingkang Maha Pinuji”

(Anonim)

PISUNGSUNG

Tesis punnika kula pisungsungaken dhumateng :

Ibu kula : Hj. Kasmuni lan Ibu Hj. Suwarni Karsodiharjo

Bojo kula : Budi Utomo S.Pd,

Anak kula :

- 1) Hywang Nur Andika Perdana, M.Pd. lan Eko Nurdiansyah, A.Md.
- 2) Hanung Praba Anggara, S.Pd lan Noor Azizah Dwi Agustin, S.Pd.
- 3) Himawan Nur Aredha Putra

Lan Putu kula : Muhammad Helmi Yaqdhan Nurdiansyah

ATUR PANGGLANTAR

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti Allah Pangeran Ingkang Maha Kawasa, karana lubering sih kanugrahan ingkang agung satemah panaliti saged nyekapaken tesis ingkang irah-irahanipun “Ningkataken Keterampilan Maos lan Nyerat Aksara Jawa Kanthi Ngginakaken Media Kertu Ukara Aksara Jawa”. (Penelitian Tindakan Kelas Ing Kelas VIII B SMP Negeri 1 Garung Wonosobo Semester I Tahun Pelajaran 2016/2017). Tesis menika karakit minangka satunggaling syarat kangge nggayuh drajat Magister Pendidikan Program Studi Pendidikan Bahasa Universitas Widya Dharma Klaten.

Karana tesis menika sampun cekap, panganggit ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan dhumateng:

1. Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd., Rektor Universitas Widya Dharma (Unwidha) Klaten ingkang sampun paring fasilitas.
2. Prof. Dr. Herman Johannes Waluyo, M.Pd., Direktur Program Studi Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ingkang sampun ngeparengaken panganggit nindakaken panaliten.
3. Dr. H. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum., Ketua Program Studi Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten ingkang sampun paring panjurung dhateng panganggiting tesis menika.
4. Dr. Hj. Esti Ismawati, M.Pd. minangka dosen pamong 1, ingkang sampun paring pangarah dalah panuntun salebeting nyekapaken tesis menika.
5. Dr. Endang Eko Djati S., M.Hum. minangka dosen pamong 2, ingkang sampun nuntun kanthi sabar lan tlaten.
6. Sedaya Bapak/Ibu dosen pasca sarjana ingkang sampun maringi seserepan dumateng panaliti.
7. Kanti Nurfaidah, S.Pd., MM. Pd. Kepala SMP Negeri 1 Garung, Kabupaten Wonosobo, ingkang sampun paring idi palilah panaliti ngawontenaken panaliten ing sekolah ingkang dipunpangarsani.
8. Sedaya pehak ingkang boten saged panaliti sebataken satunggal baka satunggal ingkang sampun paring panyengkuyung awujud menapa kemawon satemah tesis menika saged kacekapaken.

Panaliti sampun mbudidaya murih sampurnaning tesis menika, ewa semanten panaliti jejer titah sawantah mboten uwal saking kekirangan. Ingkang menika panyaruwe saking para kadang pamaos tansah panaliti antu-antu.

Klaten, Juli 2017
Panaliti

DHAFTAR ISI

PRATELAN ASESIRAH	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
PRATELA	iv
MOTTO	v
PISUNGSUNG	vi
ATUR PANGLANTAR	vii
DHAFTAR ISI	viii
DHAFTAR GAMBAR	xii
DHAFTAR TABEL	xiv
DHAFTAR LAMPIRAN	xv
SARIPATHI	xvii
ABSTRAK	xviii
<i>ABSTRACT</i>	xix

BAB I	PURWAKA	1
	A. Lelarahaning Prakawis	1
	B. Identifikasi Prakawis	5
	C. Wewatesaning Prakawis	7
	D. Rumusaning Prakawis	8
	E. Ancas Tujuanipun Panaliten	8
	F. Mumpangating Panaliten	9
BAB II	LAMBARANING TEORI PANALITEN INKGANG GAYUT LAN	
	RAGANGANING PAMIKIR.....	10
	A. Lambaraning Teori	10
	B. Panaliten Inkgang Gayut	36
	C. Raganganing Pamikir	40
	D. Hipotesis Tindakan	42
BAB III	METODE PANALITEN.....	43
	A. Wujud lan Strategining Panaliten	43
	B. Objek, Papaning Panaliten, lan Wekdaling Panaliten	46
	C. Prosedur Panaliten	47
	D. Indikator Pakaryan	57
	E. Instrumen Panaliten	58
	F. Uji Instrumen	62
	G. Teknik Ngempalaken Dhata	62
	H. Teknik Analisis Dhata	63
	I. Jadwal Panaliten	64

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PANGONCEKIPUN.....	66
A. Asiling Panaliten	66
1. Prasiklus	67
2. Asiling Panaliten Siklus I	70
3. Asiling Panaliten Siklus II	98
B. Pembahasan	126
1. Mindhakupun Keterampilan Maos lan nyerat aksara Jawa kanthi ngginakaken piranti media kertu aksara Jawa	129
2. Patrap/Unggah-ungguh Siswa sadangunipun nampi Pasinaon Maos lan nyerat aksara Jawa kanthi ngginakaken piranti media kertu aksara Jawa	136
a) Perbandingan Asil Observasi Siklus I lan Siklus II	136
b) Perbandingan Asiling Jurnal Siklus I lan Siklus II	141
c) Perbandingan Asil Wawanrembag Siklus I lan Siklus II	141
d) Perbandingan Asiling Dokumentasi Siklus I lan Siklus II	144
BAB V PANUTUP.....	145
A. Dudutan	145
KAPUSTAKAN	162
LAMPIRAN	

1. Gambar Huruf Aksara Jawa	16
2. Gambar Bagan Pasinaon	41
3. Gambar Desain Panaliten Tindakan Kelas	45
4. Gambar Kahanan Kelas ing Kegiatan Awal Pasinaon	89
5. Gambar Kegiatan Siswa sawetawis Nggatosaken Katrangan Guru	90
6. Gambar Kegiatan Aktivitas Siswa Wekdal nindakaken Wawanpitakenan kalian Guru	91
7. Gambar Kegiatan/Aktivitas Siswa wekdal pikantuk kertu aksara Jawa saking Guru minangka sarana pasinaon maos lan nyerat aksara Jawa.....	91
8. Gambar Kegiatan/Aktivitas siswa sawetawis nindakaken gladhen maos lan nyerat aksara Jawa kanthi ngginakaken piranti media kertu aksara Jawa	92
9. Gambar Kegiatan/Aktivitas Kelompok Siswa sawetawis manggihi Pasangan pitakenan-Wangsulan lan kegiatan Nemplekaken Kertu aksara Jawa ing Papan Tulis	93
10. Gambar Ngetingalaken Suasana Kelas sawatawis nindakaken Presentasi Kelompok Diskusi ngginakaken piranti Media Kertu aksara Jawa	93
11. Gambar Kegiatan/Aktivitas Guru nindakaken Evaluasi asiling presentasi diskusi ing kelas	94
12. Gambar Kegiatan/Aktivitas Siswa sawetawis nindakaken Tes Formatif Siklus I	95
13. Gambar Kegiatan/Aktivitas Siswa sadangunipun ngrampungaken kegiatan Jurnal Siswa	96
14. Gambar Swasana Kelas ing wiwitaning Pasinaon	120
15. Gambar Kegiatan Aktivitas Guru Maparaken Materi kanthi ngginakaken piranti media kertu aksara Jawa	121
16. Gambar Kegiatan Aktivitas Siswa nalika pikantuk kertu piranti Media Kertu aksara Jawa	121
17. Gambar Keterampilan/Aktivitas Siswa Maos lan nyerat ukara Prasaja aksara Jawa kanthi Piranti Media Kertu aksara Jawa	122

18.	Gambar Kegiatan/Aktivitas Siswa salebetipun Nampilaken Asiling Pakaryan.....	123
19.	Gambar Kegiatan/Aktivitas Siswa nalika nindaaken Tes Siklus II	124
20.	Gambar Kegiatan Siswa nalika Nggarap Jurnal ing Siklus II.....	124
21.	Gambar Perbandingan Situasi Kelas salebetipun Proses Awal Pasinaon	151
22.	Gambar Perbandingan Aktivitas Guru Maringaken Pasinaon Maos lan nyerat aksara Jawa kanthi ngginakaken piranti media kertu aksara Jawa	152
23.	Gambar Perbandingan Kegiatan/Aktivitas Siswa salebetipun ngginakaken Piranti Media Kertu aksara Jawa	152
24.	Gambar Perbandingan Kegiatan/Aktivitas Siswa nalika nggarap Tes Siklus.....	153
25.	Gambar Perbandingan Kegiatan/Aktivitas Siswa sadangunipun Nggarap Jurnal	154

DHAFTAR TABEL

1.	Tabel Tuntasipun Asiling Pasinaon Basa Jawa Ing Pra siklus	3
2.	Tabel Pandom Panilaining Kaprigelan Maos lan Nyerat	59
3.	Tabel Jadwal Panaliten.....	65
4.	Tabel Asiling tes Maos lan Nyerat Aksara Jawa salebetipun Prasiklus	68
5.	Tabel Asiling Tes Maos lan Nyerat Aksara Jawa kanthi Ngginakaken Piranti Media Kertu aksara Jawa ing Siklus I.....	71
6.	Tabel Asiling Observasi Patrapipun Siswa ing Siklus I	75
7.	Tabel Asiling Tes Maos lan nyerat aksara Jawa kanthi ngginakaken piranti media kertu aksara Jawa ing Siklus II	100
8.	Tabel Asil Observasi Patrapipun Siswa Siklus II	105
9.	Mindhakipun Nilai Rata-rata Nyerat aksara Jawa saking Prasiklus, Siklus I, lan Siklus II	130
10.	Tabel perbandingan asil observasi siklus I lan siklus II.....	137

DHAFTAR LAMPIRAN

Lampiran 1. Surat Ijin Penelitian	165
Lampiran 2. Surat Ijin Melakukan Penelitian	166
Lampiran 3. Surat Keterangan Melakukan Penelitian	167
Lampiran 4. Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) Siklus I	168
Lampiran 5. Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) Siklus II	175
Lampiran 6. Pedoman Observasi Siswa Siklus I Dan Siklus II	182
Lampiran 7. Pedoman Wawancara Siklus I Dan Siklus II	183
Lampiran 8. Jurnal Siswa Siklus I Dan Siklus II	184
Lampiran 9. Jurnal Guru Siklus I Dan Siklus II	185
Lampiran 10. Instrumen Tes Siklus I	186
Lampiran 11. Instrumen Tes Siklus II	187
Lampiran 12. Pedoman Dokumentasi Siklus I Dan Siklus II	188
Lampiran 13. Hasil Observasi Siswa Siklus I	190
Lampiran 14. Hasil Observasi Siswa Siklus II	191
Lampiran 15. Hasil Wawancara Siswa Siklus I	192
Lampiran 16. Hasil Wawancara Siswa Siklus II	193
Lampiran 17. Hasil Jurnal Siswa Siklus I	194
Lampiran 18. Hasil Jurnal Siswa Siklus II	196
Lampiran 19. Daftar Nilai Prasiklus	198
Lampiran 20. Daftar Nilai Siklus I	199
Lampiran 21. Daftar Nilai Siklus II	200
Lampiran 22. Rekap Nilai Prasiklus, Siklus I, Siklus II	201
Lampiran 23. Contoh Hasil Jawaban Siswa Siklus I	203

Lampiran 24. Contoh Hasil Jawaban Siswa Siklus II	205
Lampiran 25. Contoh Media Kartu Berhuruf Jawa	206

SARI PATHI

Siti Khotimah, 15PSC01696, 2017, “Ningkataken Keterampilan Maos lan Nyerat Aksara Jawa Kanthi Ngginakaken Media Kertu Ukara Aksara Jawa” (Penelitian Tindakan Kelas Ing Kelas VIII B SMP Negeri 1 Garung Wonosobo Semester I Tahun Pelajaran 2016/2017), Tesis : Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten 2017.

Panaliten punika kawiwitan saking kepanggihipun prakawis ingkang sapisan inggih punika kiranging Ketrampilan maos lan nyerat jawa tumraping siswa Kelas VIII B, SMP Negri 1 Garung, Wonosobo. Semester I Tahun Ajaran 2016 / 2017. Bab menika katitik saking asiling nilai tes maos lan nyerat tasih kirang (andhap). Prakawis kaping kalih inggih punika greget (motivasi) siswa nalika ing kegiatan pasinaon ugi kirang. Bab menika saged katitik saking suasana kelas nalika saweg kegiatan pasinaon, para siswa langkung sibuk kanthi kegiatanipun piyambak-piyambak (wonten ingkang nggambar, ngobrol kalia sanesipun) katimbang migatosaken piwucalan, siswa katingal pasif lan kirang tanggap dhateng dhawuhipun guru. Pramila kangge ngawekani prakawis kasebat, satunggaling panaliten Tindakan Kelas kaadanan kanthi ngginakaken media Kertu aksara jawa kangge ningkataken ketrampilan maos lan nyerat aksara jawa. Kejawi menika panaliten menika nggadahi ancas kangge nakyinaken menapa media Kertu aksara jawa menika saged ningkataken keterampilan maos lan nyerat jawa ugi saged ngimbeti greget sinauning siswa menapa boten.

Panaliten menika kaadanan wiwit wulan September dumugi Desember tahun 2016. Pokoking panaliten inggih menika siswa kelas VIII B, SMP Negri 1 Garung, Wonosobo. Tahun Ajaran 2016 / 2017. Kaperang dados kalih siklus dumados saking sekawan prosedur inggih menika perencanaan, tindakan, observasi, lan refleksi. Pangempaling data migunakaken jurnal, observasi, wawancara, foto (dokumentasi) lan tes. Jurnal kadamel dening panaliti, lan observasi katindakaken dening observer. Wawancara kalampahaken dening panaliti dhateng siswa. Wondene tes kapantha wonten pre test lan post test I ing siklus I lan post test II kange siklus II. Panaliti nganalisis asiling tes kanthi cara madosi nilai rerata saking asiling pre test lan post test.

Asiling panaliten menika mratelakaken bilih ingkang kapisan, panganggenipun Media Kartu Ukara Aksara Jawa saged ningkataken keterampilan maos lan nyerat. Ewah-ewahan keterampilan maos lan nyerat kasebat katitik saking asiling pengamatan, jurnal, wawancara, lan asiling tes. Asiling tes nedahaken bilih nilai rata-rata siswa 64.9 dene nilai rata-rata ing siklus I 77.5 lan asiling nilai rata-rata ing siklus II 87.4. Kaping kalih, susasana kelas nalika kagiatan pasinaon bab maos lan nyerat aksara Jawa ugi wonten ewah-ewahanipun. Bab menika katitik saking greget (motivasi) siswa ing saya regeng. Siswa dados langkung kepranan, gumreget (antusias) lan remen. Adhedhasar asiling panaliten kasebat saged kapendhet dudutan bilih kagiatan pasinaon maos lan nyerat Jawa kanthi Media Kartu Ukara Aksara Jawa saged ningkataken keterampilan maos lan nyerat lan saged mahanani suasana kelas daos langkung sae (konduusif).

Tembung kunci : Keterampilan, Maos lan Nyerat, Media Kertu aksara jawa.

ABSTRAK

Siti Khotimah, 15PSC01696, 2017, Meningkatkan Keterampilan Membaca dan Menulis Dengan Menggunakan Media Kartu Berhuruf Jawa (Penelitian Tindakan Kelas Pada Siswa Kelas VIII B SMP Negeri 1 Garung Wonosobo Semester I Tahun Pelajaran 2016/2017), Tesis : Program Studi Pendidikan Bahasa Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten 2017.

Pada tahap awal penelitian ini, ditemukan permasalahan dalam keterampilan membaca dan menulis Jawa pada siswa kelas VIII B, SMP N 1 Garung, Wonosobo Semester I Tahun Ajaran 2016/2017. Permasalahan pertama adalah bahwa keterampilan membaca dan menulis Jawa siswa rendah. Hal ini diindikasikan dengan hasil nilai test membaca dan menulis Jawa rendah. Permasalahan kedua yaitu motivasi siswa dalam kegiatan pembelajaran juga rendah. Hal ini diindikasikan dengan suasana kelas pada saat pelajaran berlangsung dimana lebih sibuk dengan kegiatannya sendiri (menggambar, ataupun berbicara dengan teman) daripada memperhatikan pelajaran, siswa cenderung pasif dan mengabaikan perintah dari guru. Untuk menyelesaikan masalah tersebut, sebuah penelitian tindakan kelas dilaksanakan dengan menggunakan media Kartu Berhuruf Jawa untuk meningkatkan keterampilan membaca dan menulis Jawa siswa. Sehingga, tujuan dari penelitian ini adalah untuk menginvestigasi apakah media Kartu Berhuruf Jawa dapat meningkatkan keterampilan membaca dan menulis Jawa dan motivasi siswa atau tidak.

Penelitian ini dilaksanakan sejak September sampai Desember 2016. Subyek dari penelitian ini adalah siswa kelas VIII B, SMP N 1 Garung, Tahun Ajaran 2016/2017. Terdapat dua siklus dalam penelitian ini. Tiap siklus, terdiri dari empat prosedur perencanaan, tindakan, observasi, dan refleksi. Dalam mengumpulkan data, peneliti menggunakan catatan lapangan, observasi, wawancara, foto dan tes. Catatan lapangan dibuat oleh peneliti, dan observasi dilakukan oleh observer. Wawancara dilakukan oleh peneliti kepada siswa. Sedangkan untuk test terdapat pre-test dan post-test 1 di siklus pertama, dan post-test 2 untuk siklus kedua. Peneliti menganalisa hasil tes dengan mencari nilai rata-rata dari hasil pre-test dan post-test.

Hasil penelitian ini menunjukkan bahwa, pertama, penggunaan Kartu Kata Berhuruf Jawa dapat meningkatkan keterampilan membaca dan menulis siswa. Perubahan keterampilan membaca dan menulis tersebut ditunjukkan dari hasil pengamatan, jurnal, wawancara, dan hasil tes. Terdapat peningkatan hasil tes antara sebelum dan sesudah tindakan pada siklus pertama dan kedua. Nilai rata-rata siswa pada pre-test adalah 64.9. Sedangkan nilai rata-rata pada siklus I adalah 77.5 dan nilai rata-rata pada siklus II adalah 87.4. Kedua, situasi kelas pada saat pembelajaran membaca dan menulis juga mengalami perubahan. Hal ini ditunjukkan dari motivasi siswa yang semakin meningkat. Siswa menjadi lebih tertarik, antusias, dan senang selama proses pembelajaran. Berdasarkan hasil penelitian tersebut, terdapat kesimpulan bahwa pembelajaran bahasa Jawa menggunakan Kartu Kata Berhuruf Jawa dapat meningkatkan keterampilan membaca dan menulis serta situasi kelas.

Kata kunci: Keterampilan, Membaca dan Menulis, Media Kartu Berhuruf Jawa

ABSTRACT

Siti Khotimah, 15PSC01696. *Improving Reading and Writing Skills Using Javanese Flash Card at the Class VIII B SMP Negeri 1 Garung, Wonosobo in the First Semester of Academic Year 2016/ 2017, Thesis: Language Education of Graduate Program Widya Dharma University Klaten, 2017*

In the earlier stage of the research, several problems of reading and writing skill Java letters were found in the Class VIII B students of SMP Negeri 1 Garung, Wonosobo in the academic year of 2016/2017. The first problem was that the students' reading and writing skill were in low level. It was indicated by the low score of reading and writing test. The second problem was that the students' motivation in learning activities was also low. It was indicated by the situation in the class where the students were busy with other activity than the learning activity (drawing, chatting with friends), passive, and ignored teacher's instructions. Then, to solve the problems, an action research was conducted by using Javanese Flash Card to improve students' reading and writing skill. Therefore, the purpose of this research is to investigate whether or not Javanese Flash Card can improve the reading and writing skill and the situation when it is implemented in reading and writing class.

This action research was conducted from September to December 2016. The subjects of this research were the Class VIII B students of SMP Negeri 1 Garung, Wonosobo in the 2016/2017 academic year. There were two cycles of action. In each cycle, the procedure of the research consists of planning, action, observation, and reflection. In collecting the data, the writer used field notes, observation, interview, photos, and test. The field notes were made by the writer, and observation was held by the the teacher as an observer. The interview was held by the writer to the students. The tests were pre-test, post-test 1 in cycle 1 and post-test 2 in cycle 2. The writer analyzed the test results by comparing the mean score of the pre-test and post-test.

The result of the research showed that, first, the implementation of Javanese Flash Card can improve the students' reading and writing skill. Based on the research observation, field notes, interview, and test result, the students made improvement in reading and writing skill. The test score results showed the improvement of the students' achievement before and after the action in cycle 1 and cycle 2. The students' mean score in the pre-test was 64,9. The students' mean score in the post-test 1 was 77,5 and the mean score in post-test 2 was 87,4. Second, the class situation in reading and writing learning also improved. It can be seen from the students motivation to join the lesson. The students became excited, enthusiastic, and happy during teaching and learning process. Based on these results, it can be concluded that teaching Javanese by using Javanese Flash Card does improve students' reading and writing skill and class situation.

Keywords: Skills, Reading and Writing, Javanese Flash

BAB I

PURWAKA

A. Lelarahing Prakawis

Implementasi Kurikulum 2013 Mulok Bahasa Jawa nggadhahi ancas supados para siswa nggadhahi *kompetensi* kadosto: (1) njagi saha nguri-uri lestantunipun basa, sastra saha aksara Jawa saengga dados faktor wigatos kangge kukuhipun jati diri daerah; (2) nyelarasaken *fungsi* basa, sastra, saha aksara Jawa salebetipun panggesangan ing masyarakat sami kalia basa Indonesia; (3) nyrawungi luhuring estetika, etika, moral, lan spiritual ingkang kamot salebetipun budaya Jawa dipundayaginakaken minangka upaya kangge ngrembakakaken kabudayan nasional; lan (4) ndayaginakaken basa, sastra lan aksara Jawa minangka wahana kangge pandhapuking karakter saha budi pekerti (Kurikulum 2013 Mata Pelajaran Muatan Lokal Bahasa Jawa SMP / SMPLB / MTs Propinsi Jawa Tengah, iii ; 2013).

Ancas minulya ingkang sampun kacanangaken dening pamarintah propinsi Jawa Tengah kasebat saged kagayuh menawi guru kanthi tegas ngrembakakaken *kearifitas* salebetipun nindakaken kegiatan pasinaon. Bab punika kedah dipuntindakaken, awit ngengeti bilih siswa ing jaman samangke punika minangka generasi ingkang gesangipun dipun gulawenthah ing alam lingkungan ingkang tansah manggihi ewah-ewahan (*dinamis*).

Temtu kemawon pasinaon kanthi model ceramah sekedhik mbaka sekedhik katilaraken, bab punika ugi handadosaken paugeraning pamarintah lumantar peneraping Kurikulum 2013, bok bilih kawontenan pasinaon ing kelas dipunewahi saking punjeripun guru (*teacher center*) tumuju dhateng pasinaon ingkang punjeripun siswa (*student center*), kanthi migunakaken lampah-lampah pasinaon *saintifik*, ingkang lelampahaning pasinaon kalaksanakaken miturut prosedur 5 M, inggih punika : *Mengamati, Menanya, Mengumpulkan informasi, Mengasosiasi, saha Mengkomunikasikan.*

Ananging, kasunyatan ing lapangan ngginakaken pasinaon *saintifik* boten jumbuh/*efektif* katindakaken tumrap sedaya kawontenan ing kelas. Bab punika kepranggulan wonten ing kelas VIII B SMP N 1 Garung Kabupaten Wonosobo. Wonten ing piwucalan Basa Jawa, kompetensi dasar maos lan nyerat sekar macapat Gambuh migunakaken aksara Jawa, para siswa taksih ajrih ing babagan maos gatra sekar macapat Gambuh mawi aksara Jawa kanthi sandhangan, pasangan saha aksara rekan. Ugi taksih kaprangguli para siswa ingkang kewedan nalika nyerat pada sekar macapat Gambuh mawi aksara latin dados aksara Jawa, jumbuh kalian indikator pasinaon ingkang ketetapanen.

Kirang trampilipun siswa wonten babagan nyerat lan maos aksara Jawa punika dipunsebabaken kiranging panguasaning awal para siswa dhateng maos lan nyerat aksara Jawa taksih pas-pasan. Saengga nalika dipun wontenaken pangukuran asiling pasinaon, saking KKM (Kreteria Ketuntasan Minimal) ingkang katetepaken 70, pikantuking nilai siswa taksih tebih saking pangajeng-ajeng. Ing ngandhap punika tabel asiling pasinaon siswa kelas VIII B.

Tabel 1.
Tuntasiipun Asiling Pasinaon Basa Jawa Ing Pra siklus

No	Ketuntasan	Frekuensi	Persentase
1	Tuntas	8	25,8%
2	Belum Tuntas	23	74,2%
Rata-rata		64,9	
Nilai Maksimal		79	
Nilai Minimal		48	

Kejawi asiling pasinaon ingkang taksih andhap, adhedhasar pangulat ingkang kalampahan salaminipun proses pasinaon, swasana pasinaon siswa kelas VIII B nedahaken *aktifitas* ingkang kirang *kondusif*, bab punika ketingal saking wontenipun saperangan siswa ingkang ngraosaken *tegang*, sadangunipun kegiatan pasinaon, wonten siswa ingkang boten nggatosaken (*acuh tak acuh*) kados kirang nggadhahi greget, wonten malih siswa ingkang kadhang-kadhang gineman (*ngobrol*) kalian siswa sanesipun, nanging wonten ugi saperangan alit siswa ingkang gumreget nalika pirembagan (*diskusi*) kelompok kanthi tema nyerat gatra sekar Macapat Gambuh saking aksara latin kagantos aksara Jawa.

Kawontenan siswa kelas VIII B ingkang saperangan ageng nedahaken pratandha kirang sae sadangunipun proses pasinaon punika saged dipunpahami minangka *reaksi* saking kirang trampilipun para siswa ing kompetensi maos-nyerat aksara Jawa. Namung saperangan alit siswa ingkang gumreget saking wiwitan, para siswa kasebat sampun mangertos saha trampil ing babagan maos lan nyerat aksara Jawa.

Adhedhasar kasunyatan punika, pramila prelu dipunwontenaken panaliten tindakan kangge ningkataken ketrampilan maos-nyerat aksara Jawa tumrap siswa kelas VIII B. Upaya punika dipunlaksanakaken lumantar panganggenipun media kertu aksara Jawa, kangge ngulinakaken saha nggladhi lancaripun siswa anggenipun maos ingkang wusananipun lajeng nyerat aksara Jawa.

Alasan panganggenipun kertu aksara Jawa minangka media inggih punika kangge ningkataken greget pasinaonipun siswa, supados sedaya siswa langkung gumreget lan langkung nyawiji (*fokus*) salebetipun kegiatan pasinaon, saengga boten wonten ingkang gineman piyambak. Ningkataken sesambetan antawisipun satunggal lan satunggalipun satemah saged kawujudan swasana ingkang sami denten paring pambiyantu ing antawisipun siswa ingkang sampun trampil maos-nyerat aksara Jawa kalian ingkang dereng, nalika pirembagan (*diskusi*) kelompok. Ngupaya swasana ing kelas supados para siswa sinau kanthi gumreget-gumregut ngremenaken, saengga boten wonten ketingal malih siswa ingkang ngraosaken kaken, jalaran rumaos boten mampu saha kirang pana dhateng piwucalan maos-nyerat aksara Jawa.

Pangajab ningkataken keterampilan saha ewah-ewahan lampahing siswa kelas VIII B ing dalem sinau lumantar panganggenipun media pasinaon, awit ngengeti fungsi media pasinaon ing antawisipun inggih punika (1) nyethakaken pesen supados boten pati verbalis, (2) ngatasi wewatesing panggenan (*ruang*) wekdal, tenaga saha daya indera, (3) nuwuhaken greget sinau, interaksi langkung cetha antawisipun siswa kalian sumbering pasinaon, (4) saged

ningkataken siswa sinau mandiri, (5) maringi rangsangan ingkang sami nggadahi pengalaman ingkang sami lan nuwuhaken panampining pesen ingkang sami (Susilana, 9 : 2007).

Adhedhasar mumpangat panganggenipun media punika, pramila panaliti katarik kangge Panaliten Tindakan Kelas (PTK) kanthi irah-irahan: Ningkataken Keterampilan Maos Lan Nyerat Kanthi Ngginakaken Media Kertu Ukara Aksara Jawa Siswa Kelas VIII B SMP Negeri 1 Garung Wonosobo Semester I Tahun Pelajaran 2016/2017.

B. Idhentitasing Prakawis

Adhedhasar andharan ingkang kajlentrehaken ing nginggil saged kapendhet dudutan bilih prakawis pasinaon ingkang dumados ing kelas VIII B dipun sebabaken:

1. Faktor Guru

Sanadyan guru sampun nerapaken metode pamucalan ingkang jumbuh kalian lampahan-lampahan pasinaon *saintifik*, jumbuh kalian silabus, Kurikulum 2013 tumrap kompetensi dasar maos lan nyerat tembang macapat Gambuh ngginakaken aksara Jawa, inggih punika (1) *Mengamati*: Para siswa maos gatra sekar macapat Gambuh mawi aksara Jawa kanthi paneraping sandhangan, pasangan, lan akasara rekan. (2) *Menanya*: Para siswa sami pitaken lan wangsulan babagan caranipun maos gatra sekar Macapat Gambuh seratan Jawa kanthi paneraping sandhangan, pasangan saha aksara rekan. (3) *Mengumpulkan Informasi*: Para siswa sami wawan rembag babagan caranipun nyalin gatra

sekar Macapat Gambuh seratan latin dados seratan Jawa. (4) *Mengasosiasi*: Para siswa sami gladhen nyalin gatra lan pada sekar Gambuh saking seratan latin dados seratan Jawa kanthi paneraping sandhangan, pasangan tuwin aksara rekan. (5) *Mengkomunikasikan*: Para siswa nyalin gatra lan pada sekar Gambuh saking seratan latin dados seratan Jawa kanthi paneraping sandhangan, pasangan tuwin akasara rekan. Kejawi punika para siswa ugi nyalin gatra lan pada sekar Gambuh saking seratan Jawa dados seratan latin kanthi paneraping sandhangan, pasangan tuwin aksara rekan. Nanging guru dereng nglegawa menawi langkahing pasinaon *saintifik* ingkang dipunterapkan dereng temtu cocok kangge sedaya kelas, kamangka saben kelas punika nggadhahi ciri lan *karakteristik* siswa ingkang benten-benten saking aspek *kognitif, afektif*, punapa dene *psikomotor*-ipun.

Guru minangka *fasilitator* pasinaon, kejawi ngarahaken proses pasinaon ingkang dipunracik lumantar RPP (*Rencana Pelaksanaan Pembelajaran*), prayogi malih menawi guru ugi ngupaya kanthi nyawisaken medhia pasinaon ingkang efektif jumbuh kaliaan kawontenen kelas lan konteks materi pasinaonipun.

2. Faktor Siswa

Pratandha ingkang ketingal saking perilaku siswa kelas VIII B ingkang *tegang*, pacelathon piyambak, kirang nggadhahi greget ing salebeting proses pasinaon maos lan nyerat sekar macapat Gambuh ngginakaken aksara Jawa, nedahaken menawi saking wiwitan siswa mila taksih kirang nggadhahi Keterampilan maos, nyerat aksara Jawa.

Wondene saperangan alit siswa ingkang nggadhahi greget nalika saweg wawan rembag, mila nedahaken bilih wonten siswa ingkang saking wiwitan sampun nggadhahi Keterampilan lan sampun mangertosi babagan maos, nyerat aksara Jawa, namung taksih sami kirang nggatosaken dhateng kekiranganipun kanca-kancanipun sekelas.

C. Wewatesaning Prakawis

Adhedhasar identifikasi prekawis kasebat, prekawis ingkang tuwuh andadosaken prakawis ingkang kompleks, saengga prelu wontenipun watesan supados pangoceking prakawis mboten nggladrah. Prakawis ingkang dipundadosaken bahan tesis punika inggih Keterampilan nyerat aksara Jawa ingkang taksih kirang sanget. Prakawis kasebat badhe dipundadosaken upaya kanthi ngginakaken media kertu seratan aksara Jawa. Lumantar media punika, dipunajib siswa kelas VIII B saged dados langkung prigel anggenipun maos lan nyerat aksara Jawa, sarta badhe ngetingalaken perilaku siswa ingkang sae (*positif*) wonten ing kegiatan pasinaon.

Kanthi makaten, panaliten punika dipunpunjeraken (*difokuskan*) kangge mangertosi indhak-indhakaning keprigelan siswa Kels VIII B SMP Negeri 1 Garung, Kabupaten Wonosobo wonten ing pasinaon maos lan nyerat aksara Jawa kanthi ngginakaken media kertu seratan aksara Jawa. Panganggenipun media kasebat kaajab ugi saged ngewahi tumindak siswa ingkang boten sae (*negatif*) nalika proses pasinaon lumampah.

D. Rumusaning Prakawis

Adhedhasar andharan kasebat ing ngajeng, saged kaaturaken rumusaning prakawis kados makaten:

- 1) Punapa media kertu ukara aksara Jawa saged ningkataken keterampilan maos lan nyerat aksara Jawa tumrap siswa kelas VIII B SMP Negeri 1 Garung Kabupaten Wonosobo?
- 2) Kadospundi peningkatanipun patrap siswa kelas VIII B SMP Negeri 1 Garung Kabupaten Wonosobo dhateng pasinaon nyerat aksara Jawa kanthi ngginakaken media kertu seratan aksara Jawa?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar rumusan prakawis kasebat, pramila ancas ingkang badhe kaangkah wonten ing panaliten punika kados kasebat ing ngandhap punika :

- 1) Ngandharaken mindhaking keterampilan maos lan nyerat aksara Jawa kanthi ngginakaken media kertu seratan aksara Jawa tumrap siswa kelas VIII B SMP Negeri 1 Garung Kabupaten Wonosobo.
- 2) Ngandharaken peningkatanipun patrap siswa kelas VIII B SMP Negeri 1 Garung Kabupaten Wonosobodhateng pasinaon nyerat aksara Jawa kanthi ngginakaken media kertu seratan aksara Jawa.

F. Mumpangating Panaliten

Panaliten punika kaajab saged asung mumpangat teoritis lan praktis. Mumpangat teoritis asiling panaliten punika kaajab saged ngimbeti khasanah keilmuan wonten ing pasinaon nyerat aksara Jawa. Kejawi punika kaajab saged asung panyaruwe ingkang sae (*positif*) babagan media pasinaon maos lan nyerat aksara Jawa.

Mumpangat praktis, panaliten punika mumpangati kangge guru, siswa lan panaliti sanesipun. Kangge guru antawisipun: (1) asung pengalaman kangge guru anggenipun mraktekaken panganggenipun media kertu seratan Jawa kangge ningkataken keprigelan siswa ing dalem maos-nyerat aksara Jawa. (2) asung panjurung ilmu wonten ing upaya ningkataken pasinaon nyerat aksara Jawa. (3) nyiptakaken swasana sinau ingkang narik lan ngremenaken.

Kangge siswa, antawisipun: (1) nyethakaken siswa kangge mahami aksara-aksara Jawa. (2) mbiyantu siswa saengga prigel maos lan nyerat tembung mawi seratan Jawa. (3) ningkataken aktifitas sinauning siswa saengga nglairaken perilaku sinau ingkang sae (*positif*). (4) ningkataken asil sinauning siswa wonten ing pasinaon nyerat aksara Jawa.

Tumraping panaliti sanesipun, panaliten punika saged dipundadosaken minangka kajian pustaka kangge nindakaken panaliten sarupi ingkang langkung lebet.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adedasar asiling panaliten lan pangonceking perkawis saking rumusaning perkawis ingkang dados fokus panaliten punika, kados pundi penerapan media kertu aksara Jawa saget ningkataken ketrampilan maos lan nyerat aksara Jawa lan kados pundi patrap siswa sakdangunipun pasinaon ngginakaken media kertu aksara Jawa ing siswa kelas VIII B SMP Negeri 1 Garung Kabupaten Wonosobo, saget dipundhut dudutan kados ing ngandhap.

1. Keterampilan maos lan nyerat aksara Jawa kanthi ngginakaken piranti media kertu aksara Jawa ing siswa kelas VIII B SMP Negeri 1 Garung wonten indak-indakan. Asil saking tes maos lan nyerat ukara sederhana aksara Jawa ing prasiklus ngetingalaken wonten asil rata-rata agengipun 64,9 kanthi kategori kirang lan dereng KKM. Saksampunipun katindakaken tindakan ing siklus I, pasinaon maos lan nyerat aksara Jawa kanthi ngginakaken piranti media kertu aksara Jawa, mindak dados nilai rata-rata dados 77,5 utawi 19,4% 5 kanthi kategori cepak, ananging taksih wonten enem siswa ingkang pikantuk nilai kategori kirang lan dereng dumugi nilai KKM. Asil tes ngetingalaken nilai rata-rata ing siklus II mindak dados 87,4 (12,8 %) saking siklus I kanthi kategori sae. Wonten indak-indakan katrampilan maos lan nyerat aksara Jawa kanthi ngginakaken piranti media kertu aksara Jawa ing siswa kelas VIII B SMP Negeri 1 Garung ingkang agengipun 34,7% hasil kaindakan saking prasiklus dumugi siklus II.

2. Unggah-ungguh siswa kelas VIII B SMP Negeri 1 Garung Kabupaten Wonosobo sampun wonten indak-indakan tumuju patrap ingkang sae. Perkawis punika dipunketingalaken kanthi tumindak/perilaku siswa ingkang langkung kondusif (tertib, teratur lan siap nampi pasinaon), antusias, aktif, wantun, tanggel jawab, lan semangat sakdangunipun ndherek pasinaon maos lan nyerat aksara Jawa kanthi ngginakaken piranti media kertu aksara Jawa.

B. Implikasi

Adhedhasar andharan rumusaning prakawis lan lambaraning teori pamanggih saking akademisi, ingkang dipunasilaken saking panaliten tindakan kelas punika saged dipunimplikasikaken menawi media kertu ukara aksara Jawa saged dipunginakaken kangge ningkataken keterampilan maos lan nyerat aksara Jawa siswa kususipun siswa Kelas VIII B SMP Negeri 1 Garung.

Media Kertu Ukara Aksara Jawa ugi saged ningkataken unggah-ungguh siswa tumuju patrap ingkang sae. Amargi para siswa langkung kathah nindakaken kegiatan pasinaon sakdangunipun nerapaken trap-trapanipun pasinaon kanthi ngginakaken kertu aksara Jawa, sakdangunipun nindakaken pasinaon ugi dipun suwun saged asung pambiantu kaliah anggota kelompokipun, sahingga lumampahipun pasinaon ing kelas langkung kondusif.

C. Saran

Adhedasar panaliten ingkang sampun dipun kempalaken kasebat saget dipunkempalaken kanthi dudutan, pamanggih kados ing ngandhap punika.

1. Kangge guru

Guru kasuwun saget nyiapaken dhiri pribadi sakdangunipun nindakaken inovasi pasinaon. Kanthi wontenipun khasil ingkang sampun mawujud ngengingi ngginakaken penerapan piranti media kertu aksara Jawa sakdangunipun ningkataken katrampilan maos lan nyerat aksara Jawa, pramila guru bahasa Jawa dipunsuwun saget nerapaken ngengingi piranti media kertu aksara Jawa, amargi kathi wontenipun inovasi pasinaon ngginakaken PTK, guru ugi badhe pikantuk pengalaman sakdangunipun nindakaken panaliten khususipun Penelitian Tindakan Kelas (PTK).

2. Kangge siswa

Kangge siswa kedahipun sakdangunipun ndherek proses pasinaon ngginakaken piranti media kertu aksara Jawa saget tumemen lan estu-estu supados saget ningkataken katrampilan maos lan nyerat aksara Jawa. Siswa dipunsuwun kedah ndherek pasinaon kanthi aktivitas sinau ingkang tumemen. Aktivitas sinau langkung sae dipuntingkataken wekdal nindakaken dhiskusi kalian kancanipun.

3. Kangge Kepala Sekolah

Kepala sekolah kedahipun maringi kalodhangan arupi nyumadyaaken srana kangge pasinaon ingkang njangkepi kangge para guru ingkang badhe nindakaken inovasi saklebetipun pasinaon. Khususipun kangge guru ingkang badhe nindakaken panaliten ngginakaken piranti media kertu aksara Jawa amargi kabukten saget ngindakaken katrampilan maos lan nyerat aksara Jawa.

KAPUSTAKAN

- Aizid, Rizem. 2011. *Bisa Baca Secepat Kilat (Super Quick Reading)*. Yogyakarta: Bukubiru.
- Aqib, Zainal. 2006. *Penelitian Tindakan Kelas*. Bandung :Yrama Widya.
- Alek, achmad H.P, 2010. *Bahasa Indonesia untuk perguruan tinggi*. Jakarta : kencana prenatal media group.
- Arikunto, Suharsimi. dkk. 2007. *Penelitian Tindakan Kelas*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Arsyad, Azhar. 2009. *Media Pembelajaran*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Ba'dulu, Abdul Muis dan Hermawan. 2005. *Morfosintaksis*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- B. Uno, Hamzah. 2008. *Teori Motivasi dan Pengukurannya*. Jakarta : Bumi Aksara.
- Burns, Anne. 2010. *Doing Action Research in English Language Teaching (A Guide for Practitioners)*. New York and London: Routledge.
- Chaer, Abdul. 2006. *Tata Bahasa Praktis Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Darusuprpta, dkk. 2002. *Pedoman Penulisan Aksara Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusantara.
- Dalman. 1985. *Keterampilan Menulis*. Jakarta: Rajawali Pers.
- Enco, Mulyasa. 2005. *Menjadi Guru Profesional*. Bandung: PT. Remaja Rosda Karya.
- Hamalik, Oemar. 2011. *Kurikulum dan Pembelajaran*. Jakarta: Bumi Aksara
- Hisyam Zaini, dkk. 2008. *Strategi Pembelajaran Aktif*. Yogyakarta: Pustaka Insan Madani.
- Kanthiwati, Triana. 2015. *Ningkatakan Prestasi Maos Wacana Aksara Jawi Ngginakaken Model Kooperatif Tipe Make A Match Siswa Kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran, Semester II, Tahun Pelajaran 2014/2015*. Tesis. UNWIDA Klaten.

- Kustandi, Cecep dan Bambang Sutjipto. 2011. *Media Pembelajaran Manual dan Digital*. Bogor: Ghalia Indonesia.
- Ngadi. 2013. *Pasinaon Maos Paragraf Aksara Jawi (Studi Kasus ing Kelas VIII F SMP Negeri 2 Klaten, Semester Ganjil, Tahun Pelajaran 2012/2013)*. Tesis. UNWIDA Klaten.
- Rivai, Ahmad dan Nana Sudjana. 2009. *Media Pengajaran*. Bandung: Sinar Baru.
- Sadiman, Arief S (dkk). 2010. *Media Pendidikan Pengertian, Pengembangan, dan Pemanfaatannya*. Jakarta: Rajawali Pers.
- Sardiman, A. 2007. *Interaksi dan Motivasi Belajar Mengajar*. Jakarta: Rajawali.
- Sari, Nur Eka. 2009. *Peningkatan Keterampilan Membaca Pemahaman Bacaan Berhuruf Jawa dengan Media Puzzel pada Siswa Kelas VII G SMP Negeri 1 Bumiayu Kabupaten Brebes Tahun Ajaran 2008/2009* Tesis: UNNES.
- Slameto. 2010. *Belajar dan Faktor-Faktor yang Mempengaruhinya*. Jakarta: Renika Cipta
- Susilana, Rudi. 2007. *Media Pembelajaran*. Bandung: Wacana Prima.
- Susilana, R. & Riyana, C. 2009. *Media Pembelajaran*. Bandung: CV Wacana Prima.
- Suriamiharja, dkk. 1997. *Petunjuk Menulis Praktis*. Jakarta : Depdikbud.
- Subyantoro. 2009. *Penelitian Tindakan Kelas* (edisi revisi). Semarang: Undip Press.
- Suharjono. 2010. *Pertanyaan dan Jawaban di sekitar Penelitian Tindakan Kelas dan Penelitian Tindakan Sekolah*. Malang: Cakrawala Indonesia.
- Suryabrata, Sumadi. 2011. *Psikologi Pendidikan*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada
- Tarigan, Henry Guntur. 1986. *Menulis sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- Tim Penyusun Kurikulum Mulok Bahasa Jawa SMA/SMK/MA. Kurikulum 2013 Mata Pelajaran Muatan Lokal Bahasa Jawa SMP/SMPLB/MTS Provinsi Jawa Tengah. 2013. Semarang: Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Provinsi Jawa Tengah.
- Lestari, Endang Dwi. 2009. *Kawruh Sapala Basa*. Solo: Intan Pariwara.

- Lestari, Nur Indah. 2007. *Peningkatan Keterampilan Membaca Pemahaman Bacaan Berhuruf Jawa Dengan Media Kartu Pada Kelas VIII-F SMP Negeri I Pulokulon Kabupaten Grobogan Tahun Ajaran 2006/2007*. Tesis. UNNES.
- McNiff, Jean. 1992. *Action Research: Principles and Practice*. London: Routledge.
- Mel Silberman. 2007. *Active Learning 101 Strategi Pembelajaran Aktif*. Yogyakarta: Pustaka Insan Madani.
- Mulyasa. 2009. *Menjadi Guru Profesional Menciptakan Pembelajaran Kreatif dan Menyenangkan*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Widyaningsih, Nina. 2012. *Kalimat dalam Bahasa Indonesia*. Modul Pembelajaran Bahasa Indonesia.
- Winkel. 2005. *Psikologi Pengajaran*. Yogyakarta: Media Abadi.
- Yusuf, Syamsu. 2009. *Program Bimbingan dan Konseling di Sekolah*. Bandung: Rizqi Press.